ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№66 (23.474) ● 2017 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 13, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Тхьэгъэзит Ю. М. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЩІэныгъэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырихьэлІам икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Тхьэгъэзит Юрий Мухьэмэд и къуэм** - «Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центр» федеральнэ щІэныгъэ центр» федеральнэ къэрал бюджет щІэныгъэ Іуэхущ Іапі эм и къудамэм - Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым къэбэрдей-шэрджэс литературэмкІэ и секторым и щІэныгъэ лэжьакІуэ пажэм и къалэнхэр зыгъэзащІэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м
№54-УГ

● Дыгъуасэ

Шынагъуэншагъэрщ хабзэр щІыщыІэжыр

КЪБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советымрэ Хабзэм емыбэкъуэныр къызэгъэпэщыным теухуауэ щІапхъэр щаубзыхуу зэпымыууэ лажьэ зэІущІэм хэтхэмрэ я зи чэзу зэхуэс республикэм и Правительствэм щекІуэкІащ дыгъуасэ. Ар къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ**І Мусуков Алийрэ** КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ**І Егоровэ Татьянэрэ**, нэгъуэщІ къэрал кІуэлыкъуэщІэхэр. Абы къыщыпсэлъащ КЪБР-м щыІэ МВД-м Гъэгу щынагъуэншагъэмкІэ и къэрал инспекцэм и унафэщІ **Бэджыдэ Юрий**, КЪБР-м Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Къудей Арсен**, Щэджэм щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **ТекІуШэ Артур** сымэ.

- Гъэзугум къыщыхъу насыпыншагъэхэр нобэ нэхъ дызыгъэгъавэ Іуэхухэм ящыщ зыщ, - жиІащ КІуэкІуэм зэІущІэр къыщызэІуихым. - Иужьрей илъэси 10-м машинэхэр куэд зэрыхъуар къэплъытэмэ, кІуэ пэтми хэхъэнущ зэжьэхэуэхэмрэ абыхэм зэкІуэдэхэмрэ я бжыгъэм, икІи абы зыгуэр едмыщІэу хъунукъым. Ди республикэр къапщтэмэ, рулым дэсхэм иужьрей илъэсиблым къуриубыдэу хабзэр 5,757-рэ кьыэпаудащ, абы илъэс 25 - 40 ныбжьым ит цІыху 1100-м я гъащІэр ихьащ. ЦІыху хэкІуадэ щымыІэн, машинэхэр хуиту зэблэкІын папщІэ, ди республикэм гъэгу лэжьыгъэхэр зэпымыууэ щрагъэкІуэкІ. Бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, машинэ зэжьэхэуэу къэхъум я проценти 7,9-р зи зэраныр чэф зиІэхэрщ, процент 31-р гъэгум епха хабзэхэр зымыгъэзащІэхэрщ, процент 13-р лъэсырыкІуэхэм къалъос. Абы зыгуэр ещІэн хуейщ.

Республикэм и Іэтащхьэр зытепсэлъыхьам къыпищащ КЪБР-м щыІэ МВД-м Гъэгу щынагъуэншагъэмкІэ и къэрал инспекцэм и унафэщІ **Бэджыдэ Юрий**. Абы зэрыжиІамкІэ, 2016 гъэм автомобиль зэжьэхэуэхэм фэбжь хэзыхьхэм я бжыгъэр проценти 7,3-кІэ, абыхэм хэкІуадэхэр процент 35-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ, 2015 гъэм елъытауэ. Федеральнэ гъэзугум къыщыхъу зэжьэхэуэхэми 3-кІэ хэщІащ.

- Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Іуащхьэмахуэ, Щэджэм, Лэскэн щІыналъэхэм я гъэзугъэр зэрыщынагъуэщ. Абыхэм ятелъ асфальтыр къэгъэщІэрэщІэн, гъэзугубгъуэ уэздыгъэ щыгъэуэвын хуейщ. Къищынэмыщ Іауэ, машинэр зезыхуэхэми жуэаплныгъэ яхэлъхьым, хабзэхэм тэмэму хащІыкІыркъым, ящІапэми - ягъэзащІэркъым. Фадэ ефауэ рулым дэсу цІыху мини 3 яубыдащ нэгъабэ, мини 4-м рулым дэсыну хуит зыщІ тхьилъ ямыІэу къыщІэкІащ. Абыхэм ящыщу процент 45-ращ жэуап зрагъэхьар. Адрейхэм нобэр къыздэсым я тезырхэр япшынывжакъым, - жиІащ абы.

КЪБР-м Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Къудей Арсен** къызэрыхигъэщамкІэ, Налшык къалэр къащтэмэ, Идар Темркъуэ и цІэр зезыхьэ уэрамым и гъэгум нэхъ тынш щыІэкъым, сыт и лъэныкъуэкІэ къызэгъэпэщащи, машинэ зэжьэхэуэ къыздыхъуркъым. Республикэм, мы гъэр къызэрикъэрэ, хабзэр 244-рэ кьыэпаудащ, сом мелуан 54-рэ тезыру ятыжащ (мы бжыгъэм адрей илъэсхэм тезыр зытралъхьахэм ятыжаи хэтщ).

- ЦІыху 700 къэтхутащ мызэ-мытІэу хабзэр къызэпаудауэ, яхуэмыпшын тезыр бжыгъэншэхэм Іущ иримыхъуу, уеблэмэ абы щхьэкІи къамыгъанэу рулым дэсу. Гъэзугум зэрыщызекІуэр зытх Іэмэпсымэхэр якъутэ, къэрал мылъкур Іисраф ящІ. Абыхэм щхьэхуэщхьэхуэу ядэлэжьэн, епсэлъэн хуейщ, - жиІащ Къудейм.

ЗэІущІэм щыжаІар къыщызэщІикъуэжым, КІуэкІуэм къыхигъэщащ мы Іуэхум теухуауэ унафэ пыухыкІа къащтэн, цІыхухэм ядэлэжьэн, епсэлъэн, гъэзугу Іофхэм уэздыгъэ щыгъэуэвын, ГИБДД-м и лэжьакІуэхэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэн зэрыхуейр.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Къэрал Іуэхущ Іапі эхэм

Къалэнхэр щагъэбелджылы, зэрылэжьэну планыр къыщащтэ

КЪБР-м Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым мэлыжьыхьым и 7-м щекІуэкІащ «Къалэ шынагъуэншэ» аппарат-программэ комплексыр зэтеухуэныжьмкІэ, абы и техникэ Іэмалхэм республикэм зыщегъэужьыжьынымкІэ, абы и техникэ Іэмалхэм республикэм зыщегъэужьыжьынымкІэ Іэнатіэхэм эздай лэжьакІуэ гупым и зи чэзу зэІущІэр.

АБЫ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и вице-премьер, лэжьакІуэ гупым и унафэщІ **Бэлэтокъуэ Владимир**, Транспортымрэ связымкІэ къэрал комитетым и тхьэмадэ, лэжьакІуэ гупым и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Къудей Арсен**, министерствэхэм, Іуэхущ Іапі эхэм я лы-кІуэхэр, къалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэм я къуэдзэхэр, ирагъэблагъэ Іэщ Іагъэ Іпэр.

Зэхьихьэр къыщызэІуихым, Бэлэтокъуэ Владимир къыхигъэщащ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр гъэтІылъыпІэ зимыІэ я къалэну зэрыщытыр, абы хуэгъэпса Іуэхухэр фІэкІыпІэншэу зэфІэхуи зэрыхуейр.

Вице-премьерым къыхилъхьэри, зэІущІэ зыубгъуам Іуэхугъуиплі щызэпкърахащ. Ящэм - нэгъабэ дыгъэгъазэм и 9-м къащта протокол унафэхэр зэрагъэзащІэм - теухуауэ къэпсэлъащ КЪБР-м Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и къудамэм и Іэтащхьэ **Мамбэт Альберт**. Республикэм щызэфІагъэкІхэм я гугъу щищІым, ар зэщхьэщыхауэ къытеувыІащ «Граждан зыхъумэжыныгъэмкІэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмрэ мафІэс шынагъуэншагъэмкІэ центр» муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ Іапі эм зыуэ щыт и дежурнэ-диспетчер службэм и штатыр уб зыхуэм хуэунэтІауэ щыналъэхэр зыхунэсахэм. Къапщтэмэ, Бахъсэн къалэм а Іуэхум метр зэбгъуэнатІэ 98-рэ хъу хэщ Іапі э щыхухахауэ, зэблэкІыу щыхуіплі щоплъыр. 2016 - 2018 гъэхэм къриубыдэу «Къалэ шынагъуэншэ» АПК къыззрызэрагъэпэщынум икІи зэрызрагъэжьынум теухуа муниципальнэ программэ хэха къащтащ. Прохладнэ къалэ округым и апхуэдэ программэм 2019 гъэ пщІондэ щыІпІэ бюджетым щыщу сом мелуанитІрэ мин 734-рэ хальхьэнущ. Щытыкіэм зэрыкІэпІыпІэ камерэу 24-рэ ягъэувыну я мурадщ.

- Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и ЕДДС-р диспетчери 8 мэхъу. Псори республикэм КъызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ и Іуэхущ Іапі эм щеджащ. «Республикэ шынагъуэншэ» ГКУ-м пымыщІауэ къэна Дзэлыкъуэ-къуажэ посёлкэм и курыт еджапІэ №1-р, и сабий гъэсапІэ №1-р, №2-р, Светловодскэ къуажэм дэт сабий гъэсапІэр а Іэнатіэм зэрыпадзэным и Іуэху зэрахуэ. Абы папщІэ зыхуэй тхьилъхэр «Урысей телеком» акционер обществэ зэІуэхам и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм ираташ. Ауэ аппарат-программэ комплексым зегъэужьыным тещІыхьа муниципальнэ программэ хэха зэрамыгъэхьэзырар щыналъэр зыхунэмыса щыщІэныгъэщ. Лэскэн муниципальнэ щыналъэм щыІэнатІэ и Іэщ Іагъэпіплі иІэщи, гъэзугъуэу мэпІлъыр. «Къалэ шынагъуэншэ» АПК-м и программэ зэхалъхьащ, 2020 гъэ пщІондэ абы и зыужьныгъэм хухаха сом мелуани 9-рэ мин 972-м щыщкІэ зыуэ щыт дежурнэ-диспетчер Іуэхущ Іапі эм и лэжьыгъэ дагъэкІынущ. Къищынэмыщ Іауэ, социальнэ Іэнатіэхэм зэрыкІэпІыпІэ видеокамерэхэр къэгъэщІэрэщІэным, я бжыгъэм хэгъэхъуэным 2019 - 2020 гъэхэм сом мин щищ хуаутІыпщыну я мурадщ. А псор хъарзынэт, ауэ мылькукІэ зэрапэмылъэщым кьыхэкІыу, районым и школхэм щагъэувэ видеокамерэхэр АПК-м яхупыщІэрэщ.

Май щІыналъэм аппаратпрограммэ комплексым зэрызрагъэужьыну муниципальнэ программэ иІэкъым, арами, Александровскэ станицэм и бюджетым и хьэкъкІэ, Щэнхабзэмкі э унэм, щІыпІэ администрацэм и хэщ Іапі эм, сабий гъэсапІэ НЩДС-12-м видеокамерэхэр щагъэув. Ахэр районым и ЕДДС-мрэ «Республикэ шынагъуэншэ» ГКУ-мрэ пыщІауэ лэжьэнущ». 2017 - 2020 гъэхэм кьриубыдэу Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэм щызэтраухуэну «Къалэ шынагъуэншэ» АПК-м сом мелуани 10-рэ мин 245,9-рэ хуэхахыну. Мы зэманым абы и тхьилъхэр республикэм Къызэрымыкіуэ щытыкІэхэмкІэ и Іуэхущ Іапі эм щызэхуагъакІуэ.

Тэрч районым и ЕДДС-р Іэзхуауэ мэлажьэ, Іэщ Іагъэлъэпіэмкіэ зэхуорокъу. Псори нэгъабэ ирагъэджащ. Тэрч къалэм и курыт еджапІипІрэ зы къуажэ школрэ мы гъэм АПК-м падзэнущ, - къигъэлъэгъуащ Мамбэт Альберт.

Адрей щІыналъэхэми я щытыкІэм я гугъу щищІым, абы къыхигъэщащ «Республикэ шынагъуэншэ» ГКУ-м щІыпІэ псоми я ЕДДС-хэр серверхэмкІэ къызэрызэригъэпэщащ, районыкъэс видеокамерэхэр, псынщІэу зызыпащІэ пунктхэр («Гражданин - Полиция») зэрыщагъэувар.

ЕтІуанэ Іуэхугъуэм - «Къалэ шынагъуэншэ» АПК-м зэрызиужьыну Концепцэм ипкъ иткІэ, муниципальнэ программэ хэхахэр щІыпІэ бюджетхэм я хьэкъкІэ зэрагъэхьэзыр икІи къыщагъэщтэ щІыкІэм - теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и ящэ къуэдзэ **Тонконог Анатолий**. Абы зэрыжиІамкІэ, зэрыкІэлъыплъ видеокамерэу 466-рэ, псынщІэу зызыпащІэ пункту 6, «Паркон» ягъэІэпхъуэ комплексу зы, сурэт тезых, зыгъэбелджылы Іэмэпсымэу 30, «Автоплъыр - ЗэпрыкІыпІэ» («Автопатруль - Перекресток») комплексу 12 республикэм и щыхъэрым щолажьэ. ЩІыхьэпІэхэм, пщІантІэхэм зэрыкІэлъыплъ Іэмэпсымэу яІэр зыхуэдизыр къалэм и еджапІэ псоми къыщащытащ, псэуалъэ 75-м ахэр щагъэувыну я мурадщ.

Бэлэтокъуэ Владимир къигъэлъэгъуащ Бахъсэн къалэ округым и унафэщІэкъэ я Іуэхум зэрегугъуэр. «Республикэ шынагъуэншэ» ГКУ-м и аппарат-программэ комплексым видеокамерэу 630-рэ, гъэзугъэм зэрыкІэлъыплъу 106-рэ, цІыхухэм псынщІэу зызыпащІэ пульту 18, муниципальнэ щІыналъэ, къалэ округ псоми я сервер центру 14 хохэ. Комплексыр тэмэму лэжьэн щхьэкІэ, связым и волокон-оптикэ линзу километр 60-м щІигъу яуку-къудиящ, «Урысей телеком» ПАО-м и апхуэдэ линзу километр 80 къагъэсэбэп. Автовокзалхэм, автостанцхэм, гъущІ гъэзугъ вокзалхэм, станцхэм, зэрпыкІыпІэхэм, Налшык и кьыхьпІэтапІэм зэрыкІэлъыплъ. Къищынэмыщ Іауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм и къыдыхьэпІэ псоми «Автураган» системэр зэпымыуэ щІолажьэ.

«Республикэ шынагъуэншэ» АПК-м и видеоматериалхэм я фІыгъэкІэ, щІэпхъаджагъэ 132-рэ нэгъабэ къыщІагъэщащ.

Вице-премьерым къызэрыхигъэщамкІэ, АПК-м и программэм хьихьэу, Чегет бгыщхэм камериТ щагъэувыну я мурадщ.

- Туристхэмрэ сноубордистхэмрэ ямыубзыхуа гъэзугъэм тохьэ. Абы шынагъуэншэ щІыналъэ. Апхуэдэхэр насыпыншагъэхэм ящыхьумэным Іуэхур тыдощІыхь, - къигъэлъэгъуащ лэжьакІуэ гупым и унафэщІым.

ЗэІущІэм хъапщыт къалэнхэр щагъэбелджылащ, мы гъэм зэфІагъэкІынхэм я планыр къыщащтащ.

ХЬЭЖЬКЪАРЭ Алик.

Ди къуэш республикэхэм

Фэтэрхэр ират

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Тульскэ къуажэм фэтэрхэм я Іункіыбзэ/ухэр щратащ зеиншэ, зи адэ-анэм я нэІэ щІэмыт ныбжьыщІэхэм. Іуэху гуапэм хэтащ АР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ КумпІыл Мурат.***

АДЫГЕЙМ и Іэтащхьэм фэтэрыщІэхэм щІэтІысхьэнухэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ, иджыри мы Іуэхум зэрыпащэнур къыхигъэщащ. «А программэм ипкъ иткІэ нэгъабэ фэтэр щІыхуи 126-м я лъэсамэ, 2017 гъэм цІыхуи 174-м еттынущ Іункіыбзэ-Іуэхэр. ЩІыпІэ властхэм зыфхуэзогъаз мы щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ адэкІи гупытэнщэу къэмыгъэнэну, атІэ лэжьапІэкІэ, нэгъуэщІ Іуэхухэмкіи фадэІэпыкъуну», - жиІащ Кумпіыл Мурат.

ЦІыху мин 40-м щІигъу хэтынущ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Хабзэ хъуауэ, ильэс къэс ирагъэ(уэк/щэбэт щыльэхум республикэм зыщыхуагъэхьэзыр. Мэлыжьыхьым и 22-м ар щекІуэкІынущ щыльэхуэм и жылагъуэ псоми.***

КъШР-м дыкъэзыуэхьуреихь щыІэныгъэмрэ псыхэмрэ хъумэныкІэ и упраавлениэм и къудамэм и лэжьакІуэ Албот Маринэ зэрыжиІамкІэ, псори зэхэту гектар 400 зэщІагъэкъэбзэнущ. Іуэхущ Іапі эхэм я Іэгъуэблагъэхэр, уэрамхэр, паркэр зыхуей хуагъэзэнущ. Удз гъагъэхэр, жьгыщІэхэр хасэну я мурадщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Мы мазэм

Мэлыжьыхьым и 13, *махуэку*

♦**Рок-н-роллым и дунейпсо махуэщ**

♦**1517 гъэм** Каир щаукІащ мамлюкыдзэм и дзэпщ ин Ал-Ашраф Тумэн-бей.

♦**1895 гъэм** Урыс Къэрал музейр къызэІуахащ.

♦**1902 гъэм** Урысейм щыяпэу Санкт-Петербург и уэрамым япэ троллейбусыр къыдыхьащ.

♦**1923 гъэм** Лондон къыщызэІуахащ «Уэмбли» стадионыр.

♦**1934 гъэм** Арктикэм и мылхэм «гъэр» ящІа «Челюскин» кхъухьым исахэр кьегъэлъыным теухуа лэжьыгъэхэр зэфІэкІащ. Шмидт Отто зи унафэщІ экспедицэм хэтахэр зэрыса кхъухьыр хым щІилъафэри, цІыхуи 104-рэ мазитІкІэ мылым тесын хуей хъуат.

♦**1944 гъэм** советыдзэм и 51-нэ армэм Кърымым и къалащхьэ Симферополь нэмыцэ-фашист зэрыхъуакІуэхэм къаІэщІигъэкІыжащ.

♦**1945 гъэм** 2-нэ, 3-нэ Украин фронтхэм я дзэхэм Австриием и къалащхьэ Венэ хуит къащІыжащ.

♦**1970 гъэм** Атлантикэ хым щыщІилъэфащ Совет Союзым и К-8 атомнэ псы-щІагъырыкІуэ кхъухьыр. Абы щыгъуэ цІыху 52-рэ хэкІуэдат.

♦Урыс тхакІуэ, усакІуэ **Бедный Демьян** (и цІэ-унэцІэ дыдэр **Придворов Ефимщ**) къызэралъхурэ илъэси 134-рэ ирокъу.

♦Совет композитор, дирижёр, СССР-м и гимным и макъамэр (иджы УФ-ми ейщ) зытха, СССР-м и цІыхубэ артист, Сталиным и цІэр зезыхьэу щыта саугъэту тІу зрата **Александров Александр** (и унэцІэ дыдэр **Коптеловщ**) къызэралъхурэ илъэси 134-рэ ирокъу.

♦Адыгэ уэзщІакІуэ, Іуэрыуатэдж **ГъукІэмыхъу Іабубэчыр** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщ Іым и къуэдзэу щыта **Хакамадэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Урысей шахматист, дунейм и 13-нэ чемпион, политик **Каспаров Гарри** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу

♦Урысей фигуристкэ, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, олимп чемпионкэ **Навкэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 14, *мэрем*

♦**Украинэм и МВД-м и къэрал автоинспекцэм и лэжьакІуэм и махуэщ**

♦**Куржым щагъэлъапІэ я анэдэлъхубзэм и махуэщ**

♦**1801 гъэм** Урысейм и пащтыхь Александр Езанэм унафэ щыдигъэкІащ щІэпхъаджагъэ илэжьауэ шэч зыхуащІым щыпкъ-рыупщІыхькІэ залымыгъэ кІэльыІэмыхьэным теухуауэ.

♦**1848 гъэм** Урысейм къыщызэрагъэпэщащ цензурэмкІэ комитет. Абы и къалэнт печатым къытехуэжьэм щхьуу кІэльыплъыныр, къэрал унафэщІхэм ягу иримыхьэ тхыгъэхэр къытрельыгъэдзэныр.

♦**1871 гъэм** Германием парламент - рейхстаг - къыщызэрагъэпэщащ.

♦**1879 гъэм** Урысей император Александр ЕтІуанэр яукІыну хэтащ.

♦**1890 гъэм** Америкэ къэралыгъуэхэм я зэгуэхэныгъэр къызэрагъэпэщащ. Абы хохьэ Америкэ Ищхъэрэмрэ Ипщэмрэ къызэщІаубыдэ къэрал 35-рэ.

♦**1908 гъэм** Петербург дунейм къыщытехьащ «Сатирикон» журналым и пэ номерыр.

♦**1912 гъэм** Атлантикэ хым жэщым щыщІилъэфащ Инджилызым и «Уайт Стар Лайн» компанием и «Титаник» кхъухьыр. А зэманым абы нэхъ рэ нэхъ инрэ нэхъ лъэщрэ дунейм зы кхъухьи щащІатэкъым. Хым кьрихьэжьа мыл абрагъуэм ар щыжьэхуэм кхъухьым цІыху 2208-рэ исати, псэууэ кьелар 704-рэщ.

♦**1918 гъэм** ВЦИК-м унафэ кьыдигъэкІащ Бэракъ плъыжьыр къэралым и ныпу къыщІэным теухуауэ.

♦**1923 гъэм** Москва «Наука» тхылъ тедзапІэр къыщызэрагъэпэщащ

♦**1927 гъэм** Швециием щыщ Гётеборг къалэм щызэпкърэлъхьащ «Вольво» лІэужьыгъуэм и япэ автомобилыр.

♦**1945 гъэм** Москва къыщызэІуахащ СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Ботаникэ хадэ нэхъыщІэхъэр.

♦**1956 гъэм** США-м и дунейм щыяпэу видеомагнитофон щащІащ.

♦**1961 гъэм** Совет Союзым и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкІэ «СССР-м и кхъухьлъатэ-зехуэ-космонавт» цІэр ягъэуващ.

♦Урысей империем и Правительствэм и унафэщІу 1906 - 1911 гъэхэм щыта, къэрал кІэуцІ Іуэхухэмкіэ министру лэжьа, мэкъумэш ІэнатІэм зэхъуэкІыныгъэшхэр щыгъэкІащ. Бэракъ плъыжьыр къэралым и ныпу къыщІэным теухуауэ.

♦**1923 гъэм** Москва «Наука» тхылъ тедзапІэр къыщызэрагъэпэщащ

♦**1927 гъэм** Швециием щыщ Гётеборг къалэм щызэпкърэлъхьащ «Вольво» лІэужьыгъуэм и япэ автомобилыр.

♦**1945 гъэм** Москва къыщызэІуахащ СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Ботаникэ хадэ нэхъыщІэхъэр.

♦**1956 гъэм** США-м и дунейм щыяпэу видеомагнитофон щащІащ.

♦**1961 гъэм** Совет Союзым и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкІэ «СССР-м и кхъухьлъатэ-зехуэ-космонавт» цІэр ягъэуващ.

♦Урысей империем и Правительствэм и унафэщІу 1906 - 1911 гъэхэм щыта, къэрал кІэуцІ Іуэхухэмкіэ министру лэжьа, мэкъумэш ІэнатІэм зэхъуэкІыныгъэшхэр щыгъэкІащ. Лэскэн муниципальнэ щІыналъэр зыхунэмыса щыщІэныгъэщ. Лэскэн муниципальнэ щІыналъэм щыІэнатІэ и Іэщ Іагъэпіплі иІэщи, гъэзугъуэу мэпІлъыр. «Къалэ шынагъуэншэ» АПК-м и программэ зэхалъхьащ, 2020 гъэ пщІондэ абы и зыужьныгъэм хухаха сом мелуани 9-рэ мин 972-м щыщкІэ зыуэ щыт дежурнэ-диспетчер Іуэхущ Іапі эм и лэжьыгъэ дагъэкІынущ. Къищынэмыщ Іауэ, социальнэ Іэнатіэхэм зэрыкІэпІыпІэ видеокамерэхэр къэгъэщІэрэщІэным, я бжыгъэм хэгъэхъуэным 2019 - 2020 гъэхэм сом мин щищ хуаутІыпщыну я мурадщ. А псор хъарзынэт, ауэ мылькукІэ зэрапэмылъэщым кьыхэкІыу, районым и школхэм щагъэувэ видеокамерэхэр АПК-м яхупыщІэрэщ.

Май щІыналъэм аппаратпрограммэ комплексым зэрызрагъэужьыну муниципальнэ программэ иІэкъым, арами, Александровскэ станицэм и бюджетым и хьэкъкІэ, Щэнхабзэмкі э унэм, щІыпІэ администрацэм и хэщ Іапі эм, сабий гъэсапІэ НЩДС-12-м видеокамерэхэр щагъэув. Ахэр районым и ЕДДС-мрэ «Республикэ шынагъуэншэ» ГКУ-мрэ пыщІауэ лэжьэнущ». 2017 - 2020 гъэхэм кьриубыдэу Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэм щызэтраухуэну «Къалэ шынагъуэншэ» АПК-м сом мелуани 10-рэ мин 245,9-рэ хуэхахыну. Мы зэманым абы и тхьилъхэр республикэм Къызэрымыкіуэ щытыкІэхэмкІэ и Іуэхущ Іапі эм щызэхуагъакІуэ.

Тэрч районым и ЕДДС-р Іэзхуауэ мэлажьэ, Іэщ Іагъэлъэпіэмкіэ зэхуорокъу. Псори нэгъабэ ирагъэджащ. Тэрч къалэм и курыт еджапІипІрэ зы къуажэ школрэ мы гъэм АПК-м падзэнущ, - къигъэлъэгъуащ Мамбэт Альберт.

Адрей щІыналъэхэми я щытыкІэм я гугъу щищІым, абы къыхигъэщащ «Республикэ шынагъуэншэ» ГКУ-м щІыпІэ псоми я ЕДДС-хэр серверхэмкІэ къызэрызэригъэпэщащ, районыкъэс видеокамерэхэр, псынщІэу зызыпащІэ пунктхэр («Гражданин - Полиция») зэрыщагъэувар.

ЕтІуанэ Іуэхугъуэм - «Къалэ шынагъуэншэ» АПК-м и зэрызиужьыну Концепцэм ипкъ иткІэ, муниципальнэ программэ хэхахэр щІыпІэ бюджетхэм я хьэкъкІэ зэрагъэхьэзыр икІи къыщагъэщтэ щІыкІэм - теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и ящэ къуэдзэ **Тонконог Анатолий**. Абы зэрыжиІамкІэ, зэрыкІэлъыплъ видеокамерэу 466-рэ, псынщІэу зызыпащІэ пункту 6, «Паркон» ягъэІэпхъуэ комплексу зы, сурэт тезых, зыгъэбелджылы Іэмэпсымэу 30, «Автоплъыр - ЗэпрыкІыпІэ» («Автопатруль - Перекресток») комплексу 12 республикэм и щыхъэрым щолажьэ. ЩІыхьэпІэхэм, пщІантІэхэм зэрыкІэлъыплъ Іэмэпсымэу яІэр зыхуэдизыр къалэм и еджапІэ псоми къыщащытащ, псэуалъэ 75-м ахэр щагъэувыну я мурадщ.

Бэлэтокъуэ Владимир къигъэлъэгъуащ Бахъсэн къалэ округым и унафэщІэкъэ я Іуэхум зэрегугъуэр. «Республикэ шынагъуэншэ» ГКУ-м и аппарат-программэ комплексым видеокамерэу 630-рэ, гъэзугъэм зэрыкІэлъыплъу 106-рэ, цІыхухэм псынщІэу зызыпащІэ пульту 18, муниципальнэ щІыналъэ, къалэ округ псоми я сервер центру 14 хохэ. Комплексыр тэмэму лэжьэн щхьэкІэ, связым и волокон-оптикэ линзу километр 60-м щІигъу яуку-къудиящ, «Урысей телеком» ПАО-м и апхуэдэ линзу километр 80 къагъэсэбэп. Автовокзалхэм, автостанцхэм, гъущІ гъэзугъ вокзалхэм, станцхэм, зэрпыкІыпІэхэм, Налшык и кьыхьпІэтапІэм зэрыкІэлъыплъ. Къищынэмыщ Іауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм и къыдыхьэпІэ псоми «Автураган» системэр зэпымыуэ щІолажьэ.

«Республикэ шынагъуэншэ» АПК-м и видеоматериалхэм я фІыгъэкІэ, щІэпхъаджагъэ 132-рэ нэгъабэ къыщІагъэщащ.

Вице-премьерым къызэрыхигъэщамкІэ, АПК-м и программэм хьихьэу, Чегет бгыщхэм камериТ щагъэувыну я мурадщ.

- Туристхэмрэ сноубордистхэмрэ ямыубзыхуа гъэзугъэм тохьэ. Абы шынагъуэншэ щІыналъэ. Апхуэдэхэр насыпыншагъэхэм ящыхьумэным Іуэхур тыдощІыхь, - къигъэлъэгъуащ лэжьакІуэгупым и унафэщІым.

ЗэІущІэм хъапщыт къалэнхэр щагъэбелджылащ, мы гъэм зэфІагъэкІынхэм я планыр къыщащтащ.

ХЬЭЖЬКЪАРЭ Алик.

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

Мэлыжьыхьым и 21 пщІондэ Іэ щІэвдзамэ, «Адыгэ псалъэр» ныфІэрыхьэнущ накъыгъэм и 1-м къыщыщІэдзауэ.

МазитІым ди газетым и уасэр сом 218-рэ кІэпІейкІэ 66-рэщ.

Ди индексыр 51531

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Псэлъэрейм едэІуэгъуейщ.

● Мэлыжьыхым и 14-р Уголовно-гъэзэщIакIуэ Iуэхущ1аПIэм и Мединцинэ IэнатIэм и махуэщ

Тутнакъхэм я узыншагъэм кIэлъыплъхэр

Урысей ФСИН-м 2011 гъатхэпэм и 22-м кьищта унафэмкIэ мэлыжьыхым и 14-р УИС-м и Мединцинэ IэнатIэм и махуэу ягъэуващ. Абы щIыпIагъэхуам щхьэусыгъуи иIэжщ. Дохутыр-гуманист, пенитенциарнэ медицинэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Гааз Фёдор 1829 гъэм гъатхэпэм и 22-м урысей хьэпсэхэр зи нэIэм щIэ джыназ Голицын Михаил зыхуиГъэзауэ щыташ тутнакъхэм я узыншагъэм Iэмал имыIэу кIэлъыплъыхь зэрыхуейм текуауэ.

УИС-м медицинэ IэнатIэхэм я къалэнщ хьэпсым исхэм, яубыдахэм я хуитыныгъэр хьиэзарагъэсэбэпыфым кIэлъыплъыну, я узыншагъэр къапщытэну, медицинэ хуэзIуэхьIэ и чэзум хуэзфIахыну.

Абы и лъэныкъуэкIэ я Iуэху зыIутым теухуауэ допсальэ Урысей ФСИН-м и Iуэхущ1аПIэу КъБР-м щыIэм и къэрал дохутыр нэхъыщхьэ - Урысей ФСИН-м и Медико-санитар часть №7-м санитарно-эпидемиологие кIэлъыплъныгъэмкIэ и езанэ центрым и унафэщI, къэрал кIуэцI къуалыкъым и подполковник Къэзанш ФатIимэ.

- ДИ САНИТАР IэнатIэм и къалэнщ УИС-м и Iуэхущ1аПIэхэм къабзагъэм щакIэлъыплъныныр, уз зэрыщIалэхэр кьыщымыгъэхуныр, щIагъ щIыпIэхэм я щытыкIэм и зэран щIыхухэм я узыншагъэм емыкIыныр, тутнакъхэр узыншагъэр хъумэным хуэущиныр кьызэгъэпэщыныр. Ди нэIэ тедгъэтщ абыхэм я лъэныкъуэкIэ хабзэр ягъэзэщIэным, ар уэим щащI къэхъумэ, абыкIэ жэуап зыхьхэр Iуэхум щыгъуазэ дощI, хабзэм тету административнэ жэуапым ирашалIэ.

Урысейм КЪБР-м щыIэ и УФСИН-м и дэтхэнэ лъэхъэущми, следственнэ хьэпсми щыIэщ къэсымаджэхэм ядэIэпыкъуныр зыхуэзфIэкIыну медицинэ лэжьакIуэхэр. Медицинэм и лэжьакIуэхэр махуэ къэс якIалъэлъэ, щэч зыхуэщIу яубыдахэм, яГъэкъуаншхэм, суд зытращIыхьахэм я узыншагъэм. Уз пкъырытмэ йолIэзэ. Зыхуеину хущхъуэхэр МСЧ-хэм кьащхьу е Урысейм и ФСИН-м кьыдет.

Мы зэманым гулъытэшхэу худощI КъБР-м щыIэ УФСИН-м и Iуэхущ1аПIэхэм щаIыгъ щIыхуэхэм медицинэ Iуэхутхъабзэхэр щыхуащIэкIэ санитар-эпидемиологие пщалъэм тетыным, тутнакъхэм я псэукIэ-щIыIэкIэм, ирагъэщIу ерыскъыхэкIэм. Къыхэзгъэщынщ медицинэ Iуэхутхъабзэр зэрахуэтщIэр, зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ кьызэрызэгъэпэщар, зэрагъашхэр УИС-хэм зэрыщефIакIуэр. Дэ тутнакъхэм допсальэ, я гукъеуэхэр зыдогъащIэ, хабзэм тету дадоIэпыкъу,- жеIэ ФатIимэ.

Абы кьызэрыхигъэщащи, пенитенциарнэ медицинэ IэнатIэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ жьэн узымрэ ВИЧ-инфекцэхэмрэ хуэдэ уз хьэлъэхэм земыгъэубгъуныр, ахэр зэуэлIэхэм еIэзэныр. Абы папщIэ узыфэр кьызэрахутэ Iэмэпсымэхэр, хущхъуэ лъапIэхэр яIэщ. Республикэм тезырхэр щапшын и IэнатIэхэм зи суд ящIахэр шашэкIэ зи гугъу тщIа, нэгъуащI уз зэрыщIалэхэр пкъырытпкъымытыр кьахутэн хуейщ.

Iуэхущ1аПIэхэм я медицинэ лэжьакIуэхэр тукIийуэ кIэлъэоплъ апхуэдэ сымаджэхэм зэреIэзэм. Ахэр хущIокъу суд зытращIыхьахэр зышIэну лъэхъэущхэм икIыжьну.

- Ди санитар IэнатIэм иIэщ бактериологие лабораторэ. Нэгъабэ ар сыт и лъэныкъуэкIи кьагъэщIэрэщIэжащ, дызыхуеину медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ кьызэрагъэпэщащ. Ди лабораторэм щыдощI Iуэхущ1аПIэхэм я санитар-эпидемиологие щыгъэкIэм сыт щыгъуи ди нэIэ тетын папщIэ дызыхуеину бактериологие анализ псори, - жеIэ Къэзаншым.

ФатIимэ, и лэжьэгъуэхэр щIыгъуу, ахэр 4 мэхъу, санитар-эпидемиологие кIэлъыплъныныгъэр кьыщыдзэригъэпэщыр КъБР-м щыIэ УФСИН-м и IэнатIэхэм я закъуэкъым, абы и нэIэ тетщ абыхэм кьагъэбыдыпIа Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыIэ Урысей ОФСИН-р.

- Си Iэщ1агъэр фIыуэ солъагъу, ар кьызэрыхэсхами сыхущIегъуэжыркъым. КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр къзэуха нэужь, занщIэу лэжьыгъэм сыпэрыхьэну Iэмал сиIакъым. Си щхьэгъуэгъэ дзэм пыщIати, щIыналъэ куэдым дыкIуэн хуей хъуауэ. Абы ехьэлIа гукъэкIыжхэри кьуэщ. ФIыкIэ сигу кьинахэм ящыщщ. КъуэкIыпIэ Жыжьэр, Кубэ Республикэр, си щхьэгъэкIэ Владимир и къуэлыкъум епхауэ дызэщыщIа, зэдгъэлъэгъуа нагъуащI щыпIэ гъэщIэгъэнэхэр. Ди лъахэм дыщетIысхьыжа нэужь, лэжьэн щыщIэздзащ Урысей ФСИН-м и Iуэхущ1аПIэу КъБР-м щыIэм. Къапщтэмэ, мы IэнатIэм илъэс 17 хъуауэ сыщоплажьэ. Тутнакъэщхэм ущылэжьэныр тыншкъым. Абы кьыщыхутэ дзтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ кьыхухэубгъуэтын, тэмакъкIыхьу ущытын хуейщ. Псори зыгъэпытыжар уи лэжьыгъэр кьызэрыпфIэIуэхурщ, уи къалэнныр зэрыбгъэзащIэмрэ сэбэп уэзрыхьур зэрызыхэпщIэжымрэщ, - жеIэ Къэзаншым.

ИпэжьпIэкIэ, ФатIимэ зи Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщIыкI, и къалэн мытынышр хьэлэлу езыхьэкI, сыт щыгъуи щIэгъэкъуэн хъуну хьэзыр, и хьэл-щэнкIэ удэзыхьэх цIыхубз щIепкъыкI. Абы унагъуэ дахэ иIэщ. ФатIимэ къыщалъхуар Мейкъуапэщ, Шэджэм Езанэ къуажэм (иджыпей Шэджэм къалэм) щыщ Бэджьыдзхэ Сэфарбийрэ Софьерэ я унагъуэм. Адэ-анэм я бынищыр хабзэ дахэ яхэлъу япIащ, Iэщ1агъэ ирагъэгъэтащ, дэтхэнэри унагъуэ насыпыфIэщ. ФатIимэ и дэлъху Вячеслав Мейкъуапэ, и шыпхъу Галинэ Воронеж щопсэу.

Къэзаншхэ ФатIимэрэ Владимирэ я зыгъэпытыжар хьыджэбзитI иIэщ. Нэхъыжь Изабеллэ и Iэщ1агъэкIэ социальнэ лэжьакIуэщ, унагъуэщ, сабиитI иIэщ. НэхъыщIэ Нелли, таможнэ Iуэху Iэщ1агъэр кьыхихауэ Кавказ Ищхьэрэм и институту Пятигорск къалэм дэтым щоджэ.

Къэзанш ФатIимэ абы и лэжьэгъуэми дохъуэхъу я Iэщ1агъэм епхауэ я гъэльэпIэ махуэмкIэ. Уэзыншагъэ, насыпи, екъулIэныгъэ яIэну ди гуапэщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● КъБР-м и прокуратурэм

Мэлыжьыхым и 12-м къыщыщIэдзауэ

ЦIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэр Урысейм зыщыхуездизыр 2016 гъэм и еппланэ мазищым тещIыхьауэ УФ-м и Правительствэм къыщтащ (2017 гъэм гъатхэпэм и 30-м УФ-м и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэ №3352). Мэлыжьыхым и 12-м къыщыщIэдзауэ ар кьагъэсэбэныну. ЦIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейр - сом 9691-рэ. лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм папщIэ - сом 10466-рэ, пенсионерхэм папщIэ - сом 8000, сабийхэм папщIэ - сом 9434-рэ хъууэ ягъэуващ.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, цIыхур псэун папщIэ, нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейр мы зэманым сом 9889-рэ, лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм папщIэ - сом 10678-рэ, пенсионерхэм папщIэ - сом 8136-рэ, сабийхэм папщIэ - сом 9668-рэ мэхъу.

А унафэм и проектыр щагъэхьэзырым Урысейм ЛэжьыгъэмкIэ и министерствэм ахэр щIагъэмащIэм и щхьэусыгъуэр игъэнэIуащ. Абы кьыта хьыбарым зэрыщыкIэм кIэ, цIыхур нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ерыскъыпхъэхэм я уасэхэм еппланэ мазищым процент 0,7-кIэ кIэрыхуащ. Къапщтэмэ, кIэртIофыр - процент 17,9-кIэ, къэбыстащхьэ хужьыр - процент 26-кIэ, пхъыр - процент 21,9-кIэ, мыIэрысэхэр - процент 3,5-кIэ нэхъ пуд щыщ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1аПIэ.

● Къулыкъущ1эхэр

Ядыгъуа псори къахуэгъуэтыну пIэрэ?

Прокуратурэ Нэхъыщхьэм игъэхьэзыращ, и къулыкъым текIами, къулыкъущIэу щытам къигъэсэбэп мылъкум кIэлъыплъыну Iэмал къезыт зэгъэзэхуэжьыныгъэхуэу зыкъыхэ халъхьэнухэр. Абыхэм япкъ иткIэ, мылъкур хьэрэмыгъэкIэ зэригъэпэщауэ сэтей къащIмэ, ар абы и мызакъуэу и щхьэгъусэми кьытрах хьунущ.

ПРОКУРАТУРЭ Нэхъыщхьэм и жэрдэмыр тэмэмщ, арщхьэкIэ Iуэхугъуитl зэIуэмыбзу кьоно: тезыр тралъхьэнур зыхуэдэмрэ къэпщытэныгъэхэр зытещIыхьа пIалъхэмрэ.

Ди нэгу кьыщIэдгъэгъэхьэт: сэ, кьулыкъущIэр, пенсэм сыкIуащ. ИкIи илъэси 3 дэкIуэу (прокуратурэм къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIыжыну къиГъэлъагъэ пIалъэм и кIыхьагъэр щыналъэ), сэ мылъкур кьызэбгкIыу кьыщIокI. Сыт апхуэдэ цIыхум ефщIэнур, зиусхьэн прокурорхэ? Iэнатlэм пэрыт къулыкъущIэр къэвубудащ мылъку лей игъэкIуащIу. Ауэ ар уголовнэ щIэпхъаджащIэкъым икIи тезыр папщIэу и къулыкъум тевгъэзIыфыну къудейуэ аращ. Пэжщ, къулыкъущIэр шынэнущ и къулыкъур фIэкIуэдынкIэ. Ауэ сэ пенсэм сыщысмэ, сыт сыззэрыгъэшынэфынур? Зэгъэр сыдигъуэу зэрыщытар хэIущIыIу фщIыуэ сывгъэукIытэну къудейуэ ара? Ар щаБэIуэщ. Хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэнымэ, абыхэм я купщIэу увын хуейщ къуэншам мылъку къатехьыныр. ИтIанэ а хабзэр лэжьэнущ.

Мыхьэнэшхэр иIэщ къатехьнымылкур зыхуэдэмэ. Псори есащ ар «абгъуэабгъуэхэм» щагъэпщкIуу. Псальэм и хьэтыркIэ, властым кьыхэкIыжа кьулыкъущIэм и гъэтIылъгъэхэр кьызыкъуихыу щIедзэ. Ауэ дауэ, Iулъхьэ кьыхихамкIэ мыхъуу, атIэ хьэлэлу кьилэжьа ахъшэмкIэ лъапсэ дгъуэгъэ кьищхуарэ кьимышIуарэ зэрызэхэбгъэкIынур? Ар щылажьэм уардэунэр и ныбжьэгъум, и къуэшым, и благъэм я щIэкIэ тхауэ щытащ. ИужькIэ, «ФIыуэ къальагъуэт», къратыжащ.

ПIалъэхэри апхуэдэщ. Губернатору е министру щытам илъэси 4 дэкIа иужькIи и ахъшэр сэтей кьищIыфынущ. Дэ ди деж цIыхухэр щымахэжьын - нэхъ пIалъэ кIыхькIи зашыIэфынущ. Абы щыгъуэми, законыр зыхуэгъэзащ иужькIэ кьызэримигъэсэбэпыфынум кьызэкIыу цIыхур мыгъэдгъэуэнырщ. Илъэси 3-кIэ, илъэси 4 - 5-кIэ зиIэжьэн зэрыхуейм ар кьиГъэлъэфыну? Арыншами цIыкIуу щымыт и министр пенсэм ирипсэунщ илъэси 3-кIэ. АрщхьэкIэ пIалъэр зэрикIыу и мылъкур дунейм кьытригъэхьэнщ. Аращи, пIалъэхэр егупсысауэ гъэувын хуейщ: кIэщIхэм зыри ягъэшынэкъым, кIыхьхэм къэпщытакIуэхэр япалъэщынукъым.

ЖУРАВлЕв Дмитрий, *политолог.*
«Аргументы и факты»

Блэкlам и дерсхэр

● Iуэху еплъыкIэ

Iэщ1агъэлIхэм кIуэ пэрми нэхъыбэрэ жаIэ Урысейм и егъэджэныгъэ, щIэныгъэ Iэнатlэхэр зэрызэтеухуа щыкIэр жьы хъуауэ. Сыт тщIэн хуейр ахэр зэманым кьигъэувхэм едгъэзэгъын папщIэ? Мыбдежьым кьыщытщхьэпэжьифынущ блэкIа XX лIэщIыгъуэм и дерсхэр.

1960 ГЪЭХЭМ я пэщIэдзэм Совет Союзым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ и IэнатIэхэр дунейм щынэхъыфI хъуащ. Сыт щхьэкIэ? СССР-м и егъэгъэшхуэ пажэхэм XX лIэщIыгъуэм дуней псом промышленностым зэрыщIиужьынум и процент 80-р къэхуэныгъэхэмрэ рационализацэмрэ япыщIауэ зэрыщытынур парт унафэщIэхэм я фIэщ ящIыфати аращ. Нобэ инновацэ лэжьыгъэкIэ дызэрадзэкэм.

США-м и политик цIэрыIуэу щыта, иужькIэ президент хъуа Кеннеди Джон 1958 гъэм Колумбие университетым и студентхэм я пащхьэм кьыщыщыпсалъэм жиIат: «Урысхэмрэ дэрэ дяку дэлъ зэпэщIэтыныгъэр кьыщытхьэхуфынур е щытфIахьэхуфынур Америкэм и школ классхэрщ». Абы къиуха бжьыгъэхэм американхэр кьигъэуIэбжьат. Совет Союзым егъэджэныгъэ IэнатIэм США-м нэхърэ хуэди 2,5-кIэ нэхъыбэ тригъэкIуадэрт, ВВП-м и процентхэмкIэ кьыбжьмэ. СССР-м зы егъэджакIуэм ику иту еджакIуэ 17, США-м - 27-рэ щыхуэзэрт. 1957 гъэм ди къэралым щIалэ, хьыджэбз мелуан 1,5-м школхэр кьыщыдахат математикэм кууэ хащIыкIыу, США-м а бжьыгъэ мини 100-м щынэсыртэкъым. Мис абы тращIыхьри, Штатхэм кьыкIэлъыкIуэ илъэсхэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкI уэкIащ щIэныгъэ ищхьэмрэ курытымрэ зрагъэужьыным хуэгъэзауэ.

Мы зэманым хьэуам хуэдэу Урысейр хуейщ щIэныгъэ зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэ иIэну. Сыт щIэн хуейр? Курыт щIэныгъэ егъэгъуэтыным и IэнатIэм блэкIам щыхьхьэжьын хуейщ: япэрауэ, илъэсипщIкIэ егъэджэным хуэкIуэжьн. ЕтIуанэрауэ, зы класс къэс еджакIуэ 17 фIэкIа щIэмысым ныбжьэгъу зэрыгъэзэжьын хуейщ. Ар яхуэзфIэмыкIынымэ, етIуанэ сменэ къызэIуах хьунущ. АдэкIэ. Япэ - еппланэ классхэм щIэсхэм ирагъэдзкIыр процент 40-кIэ, етхуанэ - еянэ классхэм - процент 30-кIэ, ягъэмэщIэн хуейщ (мурадыр зыхуэгъэзар сабийм еджэныр къытемыхьэлъэныщ, ар абы и дежкIэ щIэщыгъуэу, зыIэпызышэу щытынырщ).

Щеджэ илъэсхэм сабийр тохьэ зыщIэс школым и пащалъэм. Школыфлмэ, ар лъагэу, мыфIмэ, лъахъышэу щытынущ. КьыхьизогъэщхьэхукI: езанэ - еянэ классхэм щрагъаджэхэр процент 30 - 40-кIэ зэрагъэмащIэм зыкIи агъэикIэнукъым ирагъэгъуэт щIэныгъэм и фIагъыр. Нэхъ ехьулIэну кьудейщ. Зи Iуэху дэмыкIынуэ егъэджэныгъэ IэнатIэм и кьулыкъущIэхэмрэ блэкIа лIэщIыгъуэм и 60 - 80 гъэхэм зэрырагъаджэу щыта тхыльхэр, «зэзэгъэзэхуэжьурэ» ахъшэ кьэзылэжь «тхакIуэхэмрэщ».

Апхуэдэ дыдэу щIэрыщIэу хэплъэжьын хуейщ 9 - 10-нэ классхэм зэрыщрагъаджэ щыкIэми, ауэ ар Iуэху щхьэхуэщ.

САМКОВ Александр,
техникэ щIэныгъэхэм я кандидат.
«Аргументы и факты»

● Щ1ыхуэхэр

Зы хэкIыпIэ закъуэ

Лэжьапl1э IэнатIэ пэрыт урысейхэм я процент 60-м щIигъуи банк кредитхэр ятыж. Яныныкъуэ щIынальэхэм а бжьыгъэр щынэхъыбэжщ.

ЩIыхуэ къеIэзыхьхэм блэкIа илъэсым щIыхь мелуани 2,1-рэ кьахэхъуащ. Иджы ахэр мелуан 44,7-рэ хъуащ, кьыщыгъэлъэгъуащ Кредит IуэхуэмкIэ бюро зэхэуэтым иригъэкIуэкIа кьэхутэныгъэщIэм.

Щ1ыхуэхэм щIагъэнащ Алтайм, Курган областым, Тывам, Бурятием, Коми Республикэм щыпсэуэхэр. Ахъшэ нэхъыбэ дыдэ банкхэм иратыжьи хуейщ Чукоткэм и щIыхуэхэм - дэтхэнэми тещIыхьауэ сом мин 482-рэ. Абы кьыкIэлъокIуэ Ханты-Мансийск, Ненец автоном округхэр, апхуэдэу Магадан областымрэ Саха республикэмрэ щыпсэуэхэм. Плеханов Г. В. и цIэр зезыхьэ Урысей экономикэ университетым и кафедрэм и унафэщI Ордов Константин зэрыжиIэмкIэ, куэдым я псэупIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ ягъэтыр а зы хэкIыпIэрщ.

КРИВОШАПКЭ Юлие.
«Российская газета»

● Шэшэн

ЖиIэр пхокI

Шэшэным и парламентым республикэм и школакIуэхэр хуит ищIащ лъэпкъым хэмыдекIуэкI хабзэхэмрэ иныгъ динымрэ езэгъ щыгъынкIэ зауэпэну е апхуэдэ дамыгъэхэр зэрахьэну.

АБы ипкъ иткIэ цIыхубз мусулымэн фащэ (хиджаб) зепхэ хъунущ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Кадыров Рамзан УФ-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Васильевэ Ольгэ пощIэуващ. Иужьрейм щIыщIэлъэм и кIэухым тКIийуэ жиIат школхэм дин дамыгъэхэр ща-гъэльагъуэу зэримыдэр. Абы щыгъуэ Шэшэным и Iэтащхьэр министрым и Iуэху бгъэдыхьэкIэм тезхъущIыхьат.

Сыт атIэ иджы федеральнэ властхэм ящIэнур? «Адрейхэм нэхърэ нэхъ жьыжьэ Iэбэну хуит цIыхур» кьыжьэдакъуэну? ФIэщIыгъуэ щIэнт. Мыбдежым дигу кьыщокIыж а зэман дыдэм кьэхъуа нэгъуэщI Iуэху - урысей щIыналъэхэм гъэсыныпхъэмкIэ ятелъ щIыхуэхэм ятеухуауэ Iэгъуэ «Газпром»-м ищIа ильэс отчётым зэхIуэдыкIащ нэхъ щIыхуэшхуэ дыдэ зытелъ Шэшэныр. ИпэIуэкIэ Кадыровыр «Газпром»-мрэ «Россети»-мрэ я хатхэ-зыхуащIэ Iуэхутхъабзэхэр зэрыфIагъынышэмкIэ щIыналъэм щыпсэуэхэр суд зыхэтхъэусыхэмэ, ахэр «гугъуехьышхуэ хэхуэну» кьиГъэгъуэрэри. Ауэ иужькIэ «Россети»-мрэ хагъэхьэхуащ 2017 гъэм Шэшэным щагъэзащIэну ремонт программэм хуаутIыпщ ахъшэм. Иджы «Газпром»-ри икIуэтын хуей хъуащ.

«Версия»

● Украинэ

Щ1ыхуэ къэпщтамэ, тыж!

ЗИ ГУГЪУ ящIыр 2013 гъэм и дыгъэгъазэм УФ-м доллар меларди 3-кIэ щIыхуэ ирит щIыкIэкIэ кьищIэуа облигацэхэрщ. Путин Владимирэ Януковичи Викторрэ зэрызэгурыIуам ипкъ иткIэ Киев псори зэхэту доллар мелард 15 Iэрыхьэн хуеящ. Майданым и ужькIэ белджэныл хъуащ Украинэр щыхуэщIэхэм щымыгугъмэ, зэрынэхъыфIыр. Власт зыубыдахэм кредитыр япшныкьырт зэрызэгурыIуам тету, арщхьэкIэ 2015 гъэм и кIэухым ирихьэлIэу облигацэхэр ямыщIэхужьыр хъуащ. Ауэ ахъшэ иIамэ, ар кьуритыжыну Киев зигъэхьэзырырт зэкъым. Порошенкэ Пётр «Януковичтелъ щIыхуэр» мораторий пIалъэнщэм щIигъэуващ.

ГъатхэпэМ и 29-м Лондон и Суд Лъагэр арэзы хъуащ Урысеймэ къигъэувымкIэ - кIыхьлIыхьу икIи кууэ зэхамыгъэкIыу Iуэхум хэплъэну. Адрей лъэныкъуэр зыхуейр Iуэхур кIэлъэф щIыныр. «Суд Лъагэм игъэтакъым еврооблигацэхэмкIэ щIыкIэ къэбыстащ пцIыуэ къыщIезыгъэдэ гуэри. Апхуэдэ щIыкIэкIэ судым кIэух унафэ къыщтащ Украинэм еврооблигацэхэмкIэ Урысейм и пащхьэм къыщытехуа щIыхуэр ипшыныну» - къыщIагъэлъэгъуащ УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм къьита хьыбарым.

Арщхьэкlэ щIыхуэ зытелъ иджыри щогугъ хейуэ хэкIыну. Украинэм и Минфинымрэ ящIащ суд унафэм пщIэ зэрыхуищIыр, ауэ ар имыдзу зэрытхъэусыхэнур. Киев аппеляцэ итащ. Абы хэплъэным мазэ бжьыгъэкIэуцIэнущ. Ауэ Москва хущIэкъэнущ, абыи щытекIуэмэ, ирихуIэу ар къыIихьыжьну. Псалъэм и хьэтыркIэ, Украинэм нэгъуащI къэралхэм щиIэ мылъкур иубыду ищIэкIэрэ.

Киеврэ Москварэ мамыру зэгурыуамэ, мынэхъыбэуащ УФ-м Финансхэмкlэ дэ абы доллар мелардищыр худогъэгъу, абы Къырымыр Урысеймэ зэрейр къельытэ. Ауэ абы щыгъуэ мелардищ къудейкIэ Iуэхур зэфIэкIынукъым.

- Ар Урысейм и дежкIэ текIуэныгъэшхуэщ, - жеIэ политолог Суздальцев Андрей. - Лондон и Суд Лъагэм Украинэр хейуэ хигъэкIамэ, дунейпсо финансэ хабзэр къэтIэсхъэнут: зыгуэрхэм къальытэнкIэ зыхуэIуа щыIэтэкъым ятелъ щIыхуэр яматымкIи хъуну.

- Юристхэмрэ уэчылхэмрэ зэрыжаIэщи, судым ущытекIуэныр Iуэхум и зэхуэдитI хъуейщ: суд унафэр ебгъэгъэззэщIэни хуейщ, - къыхэзгъэхьэкуукI МГИМО-м и къэрал зэхуаку хабзэхэмкIэ и кафедрэм и профессор Лабин Дмитрий. - Мыбдежым текIуэныгъэр щIэмалыфIкIыым. Хабзэм лъэныкъуитIри хуитыныгъэкIэ зэхуегъадэ, апхуэдэу щыщIткIэ, мис а лъэныкъуитIри арэзы текIуэну Iуэхур зэфIэхьи хуейщ.

- Судым и унафэмкIэ псом япэу къэзыкъэхуар Инджылызыбзэ, - щIегъуэ Iэщ1агъэлI Масленников Никитэ - Лондон езым и пщIэр кьиIэтащ, финанс IэнатIэм зыщытетыну хабзэр дунейм иригъэльагъури.

«Версия»

Хуай Нам Данг лъэпкъ паркыр Таиландым и Чиангмай къалэм и щIыпIэ нэхъ дахащхэм ящыщщ. Ар 1995 гъэм и шыщхьэгъуэм къэралым и пащтыхьым и унафэкIэ къызэрагъэпэщауэ щытащ, мэзхэр ирырамыгъэупщIыкIын, абы щIэс хьэкIэжхъуэкIэхэм цIыхухэр ирамыгъэщIэкIуэн мурадкIэ. Псори зэхэту километр зэбгъуэнатIэ 1447-рэ хъу а паркым зыщаплъыхьыну цIыху куэд дыдэ макIуэ. Мыбы щыпIалъэгъунущ дунейм и нэгъуэщI щIыпIэхэм узыщIримыхьэлIэ къэкIыгъэ телъыджэхэр.

Планэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● КъБР-м и прокуратурэм

Мэлыжьыхым и 12-м къыщыщIэдзауэ

ЦIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэр Урысейм зыщыхуездизыр 2016 гъэм и еппланэ мазищым тещIыхьауэ УФ-м и Правительствэм къыщтащ (2017 гъэм гъатхэпэм и 30-м УФ-м и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэ №3352). Мэлыжьыхым и 12-м къыщыщIэдзауэ ар кьагъэсэбэныну. ЦIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейр - сом 9691-рэ. лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм папщIэ - сом 10466-рэ, пенсионерхэм папщIэ - сом 8000, сабийхэм папщIэ - сом 9434-рэ хъууэ ягъэуващ.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, цIыхур псэун папщIэ, нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейр мы зэманым сом 9889-рэ, лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм папщIэ - сом 10678-рэ, пенсионерхэм папщIэ - сом 8136-рэ, сабийхэм папщIэ - сом 9668-рэ мэхъу.

А унафэм и проектыр щагъэхьэзырым Урысейм Лэжьыгъэмкlэ и министерствэм ахэр щIагъэмащIэм и щхьэусыгъуэр игъэнэIуащ. Абы кьита хьыбарым зэрыщыкIэм кIэ, цIыхур нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ерыскъыпхъэхэм я уасэхэм еппланэ мазищым процент 0,7-кIэ кIэрыхуащ. Къапщтэмэ, кIэртIофыр - процент 17,9-кIэ, къэбыстащхьэ хужьыр - процент 26-кIэ, пхъыр - процент 21,9-кIэ, мыIэрысэхэр - процент 3,5-кIэ нэхъ пуд щыщ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1аПIэ.